IslamHouse.com

Гьэкъидэ Т1эхьауия

[Адыгэбзэ – Circassian – شركسي]




Абу Джэгьфэр ат1-Т1эхьауи

Зэзыдзэк1ар:
Жэмболэт Шэркэси

Бзэ лъэныкъуэк1э еплъыжар:
Аматуллах Шэркэси

Шэрихьэт лъэныкъуэк1э еплъыжар:
Абу Ислам Шэркэси
Абу Мухьэммэд Шэркэси

العقيدة الطحاوية



الإمام أبو جعفر الطحاوي

ترجمة:

جمبلاط الشركسي

تدقيق لغوي:

أمة الله الشركسي

مراجعة شرعية:

أبو إسلام الشركسي

أبو محمد الشركسي

БисмиЛлахьи Ар-Рэхьмани Ар-Рэхьим

Щ1эныгъэл1ышхуэу «хьуджэту ль-ислам» ц1эр зыф1аща Абу Джэгьфэр аль-Уэрракъ ат1-Т1эхьауи Мысыр щыщым жи1ащ:

Мыр (тхыгъэр) «Ахлю ас-Суннэ уэ ль-Джэмагьэ»-м и гьэкъидэр зыгъэунэхущ диным и фыкъх щ1эныгъэл1хэм я мэзхэбхэм къызэрыгъэлъэгъуауэ: Абу Хьэнифэ ан-Нугьман бин Сабит аль-Куфи, Абу Йусуф Йэгькъуб бин Ибрахим аль-1энсари, Абу Гьэбдиллах Мухьэммэд бин аль-Хьэсэн аш-Шэйбани сымэ, ахэм псоми Алыхьыр арэзы къахуэхъу. Ик1и мыбы (тхыгъэм) егъэунэхур дин лъабжьэхэм щыщу я ф1эщ хъухэмрэ, мы дунейхэм я Тхьэм деж щагъэдинымрэ.

Алыхьым и ехъул1эныгъэр быдэу ди ф1эщ хъууэ, Алыхьыр гъэзэкъуэным теухуауэ жыдо1э:

1 - И пэжып1эк1э Алыхьыр зыщ, гъусэ и1экъым,

2 - зыри ещхьыуи щы1экъым,

3 - хузыф1эмык1и щы1экъым,

4 - нэгъуэщ1 тхьэи щы1экъым;

5 - сыт щыгъуи щы1ащ къежьап1э имы1эу, сыт щыгъуи щы1энущ к1эухыншэу,

6 - к1уэдыжынукъым ик1и хэк1уэдэжынукъым,



7 - зыхуеим ф1эк1а къэхъукъым;

8 - къызф1эбгъэщ1хэмк1и[1] унэсынукъым, (акъылк1и) кыбгуры1уэу улъэ1эсынукъым;

9 - къигъэщ1ахэми ещхькъым.

10 - Псэущ л1экъым, Къэйюмщ[2] жекъым,

11 - (къигъэщ1ахэм) яхуэмыныкъуэу Къэзыгъэщ1щ,

къытемыхьэлъэу ерыскъыр къылъэзыгъэ1эсщ,

12 - мышынэу зыгъал1эщ, гугъу емыхьыу (Къемэт махуэм) къэзыгъэхъужщ.

13 - (Дунейр) къигъэщ1ын ипэ и сыфатхэр и1эу сыт щыгъуи щытащ.

14 - Къигъэщ1ар къыщигъэхъуми, абы щхьэк1э и сыфатым щыщу зыри хэхъуакъым.

15 - Ик1и, и сыфатхэр и1эу къежьап1э имы1эу зырыщытам ещхьу, к1эух имы1эуи щытщ;

16 - къигъэщ1ахэр къигъэхъуауэ, «аль-Хъаликъ» жыхуи1э ц1эр зыхуигъэфэщауэ аракъым, ик1и къигъэщ1ахэр къигъэхъуу, «аль-Бари» жыхуи1э ц1эр зыхуигъэфэщауэ аракъым.

---

[1] Нэгум къыщ1ыхьэхэращ зи гугъу ищ1ыр.

[2] Къигъэщ1ахэм я 1уэху зэтызы1ыгъэу зезыгъак1уэ.

17 - «Тхьэуэ щытын» жыхуи1э мыхьэнэр бгъэдэлът, зыщхьэщыту зи 1уэху зэригъак1уэхэр щыщымы1эхэм щыгъуи; «Къэзыгъэщ1» жыхуи1э мыхьэнэри бгъэдэлът, къигъэщ1ахэр щыщымы1эм щыгъуи.

18 - Л1ахэр къигъэхъужа иужь, «Къэзыгъэхъуж» жыхуи1э ц1эр хуэфащэщ, ахэр къигъэхъужын ипэк1и а ц1эр хуэфащэу зэрыщытам хуэдэу, «аль-Хъаликъ» жыхуи1э ц1эри къигъэщ1ахэр къигъэщ1ын ипэк1и хуэфащэу щыташ.

19 - Апхуэдэу щ1ыщытыр, псори зэрыхузыф1эк1ыращ, псори Езым зэрыхуэныкъуэращ, 1уэхуу хъуари къызэрытемыхьэлъэращ, Езыр зыми хуэныкъуэкъым:

لَيْسَ كَمِثْلِهِ شَيْءٌ وَهُوَ السَّمِيعُ الْبَصِيرُ

«Езым хуэдэ зыри щы1экъым, Ар Зыхэзыхщ, Зылъагъущ» (Аш-Шура, 11).

20 - Къигъэщ1ыр ищ1эу къигъэщ1ащ,

21 - щхьэж и къэдыри хуигъэуващ,

22 - и ажалыри игъэунэхуащ.

23 - Къигъэщ1ын ипэк1и зыгуэр и щ1эныгъэм 1эщ1эк1ауэ щытакъым, ялэжьынухэр къигъэщ1ын ипэк1э ищ1эт,

24 - къедэ1уэнуи унафэ яхуищ1ащ, и унафэм к1ыщ1эк1ыну яхуидакъым.

25 - Псори къызэрыхъури зэритриухуамрэ зэрыхуеймрэщ, зыхуейр къохъур;

26 - и пщыл1хэми «хуеин» жыхуи1эр я1экъым[3] ахэм ехьэл1ауэ Езыр зыхуейм ф1эк1а. Аращи, ахэм теухуауэ Езыр зыхуеяр къохъу, зыхуэмеяр къэхъуркъым.

27 - Зыхуейр гъуэгу захуэк1э ешэ, ик1и къехъумэ, хуосакъ и ф1ыгъэк1э. Зыхуейр егъэгъуащэ, ик1и дэ1эпыкъуэгъуншэу къегъанэ, ик1и егъэунэхъу и захуагъэк1э.

28 - (Къигъэщ1ар) псори Езым и ф1ыгъэмрэ и зэхуагъэмрэ яззхуакум къыщок1уэк1хэр.

29 - Ар щхьэщы1этык1ащ пэувынрэ гъусэ и1эным.

30 - И унафэр къезгъэгъэзэжыни, ар зыгъэгувэни, и 1эхуми къытек1уэни щы1экъым.

31 - Мы псомк1и иман къэтхьащ, псори Езым къызэрыбгъэдэк1ари шэч хэмылъыу ди ф1эщ хъуащ.

32 - И пэжып1эк1э, Мухьэммэд Абы и пщыл1 хэхащ, къыхихауэ и бегъымбарщ, арэзы техъуауэ и л1ык1уэщ.

33 - И пэжып1эк1э, ар бегъымбархэм я иужьрейщ, тхьэшынагъуэ зыхэлъхэм я пашэщ, л1ык1уэхэм я

[3] «Ц1ыхур зыри хуеифынукъым» жи1эу аракъым, ат1э ц1ыхум и «хуеиныр» Алыхьыр зыхуеим ик1ыфынукъым.

зиусхьэнщ, мы дунейхэм я Тхьэм ф1ыуэ илъэгъуауэ щытыращ.

34 - Аращи, абы иужь бегъымбарыгъэ щы1эу жызы1эу хъуар гъуэщэныгъэщ ик1и къуаншагъэщ.

35 - Бегъымбар Мухьэммэдыр жыну хъуами нэгъуэщ1 къигъэщ1ахэми къахуигъэк1уауэ щытщ пэжымрэ, гъуэгу захуэмрэ, нурымрэ, нэхумрэ къыздихьауэ.

36 - И пэжып1экэ, Къур1эныр Алыхьым и Псалъэщ, Абы идеж къыщежьащ, и псалъэм щытык1э едмыту[4]; и л1ык1уэми уэхьийуэ къыхуригъэхащ, аращи иман къэзыхьахэм ар ягъэпэжащ и хьэкък1э, быдэуи я ф1эщ хъуащ ар Алыхь Тагьалэм пэж дыдэу и Псалъэу зэрыщытыр.

37 - Нэгъуэщ1хэм я псалъэр къэгъэщ1ауэ зэрыщытым хуэдэу щыткъым.

38 - Аращи, ар зэхэзыхауэ ц1ыхум и псалъэу жызы1ар, джаурщ. Апхуэдэр Алыхьым игъэкъуэншащ, 1ейк1э и ц1эр ири1уащ ик1и жыхьэнымэ маф1эк1э къигъэгугъащ мыпхуэдэу жи1эу:

سَأُصْلِيهِ سَقَر

«Ар жыхьэнымэ маф1эм изгъэхьэнущ» (аль-Муддэссир, 26).

---

[4] Абым къик1ыр: и щытык1эр ди акъылым нэмысу.

«Мыр ц1ыху псалъэ къудейщ»[5] жызы1ар Алыхьым маф1эк1э къищигъэгугъэм, къэтщ1ащ ик1и быдэуи ди ф1эщ хъуащ, ар зи псалъэр ц1ыхур Къэзыгъэщ1аращ, ц1ыхум и псалъэми ещхькъым.

39 - Алыхьым ц1ыхум и щытык1э гуэрк1э тепсэлъыхьари джаур хъуащ. Аращи, мыр къэзъылъэгъуам, 1ущыгъэ хихащ, джаурхэм я псалъэхэм ещхь жимы1эу къызэтеувы1энщ, ик1и Алыхьым и сыфатхэр ц1ыхум ейм зэрыхуэмыдэр къищ1энщ.

40 - Жэнэтым ихьэнухэм Алыхьыр зэралъэгъунур хьэкъщ, (нэхэм) къызэщ1амыубыдэу, (зэралъэгъунум) и щытык1эр дымыщ1эу, ди Тхьэм и тхылъым къызэрипсэлъам ещхьу:

وجُوهٌ يَوْمَئِذٍ نَاضِرَةٌ * إِلَى رَبِّهَا نَاظِرَةٌ *

«Нэгухэр а махуэм нэф1эгуф1эщ, я Тхьэм еплъхэу» (аль-Къиямэ, 22-23).

Абы и тафсирыри (мыхьэнэр) зэрыщытыр Алыхь Лъагэр зэрыхуеям ик1и зэрищ1эм хуэдэущ.

41 - Абы теухуауэ бегъымбарым, Алыхьым и сэлятымрэ и сэлямымрэ зылъысыным, и хьэдис пэжхэм зэрыжи1ауэ ар зэрыщытыр, абы и мыхьэнэри

[5] аль-Муддэссир, 25.

зырыхуеям хуэдэщ, дэри дыхыхьэкъым абым ди еплъык1эхэмк1э къэдгъэнэхуэну дыпылъу, е дэ къытф1эщ1хэм хуэдгъэдэну дыхуейуэ.

42 - Сыт щхьэк1э жып1эмэ, диным захуэу къытенауэ щыт закъуэр, Алыхьышхуэмрэ и л1ык1уэмрэ, Алыхьым и сэлятымрэ и сэлямымрэ зылъысыным, (1уэхур) 1эщ1эзылъхьэжаращ, ик1и гуры1уэгъуейм и мыхьэнэр зыщ1эм[6] идеж хуэзыгъэзэжращ.

43 - Ислъамым и лъапсэр[7] тэслимымрэ[8] истисламымрэ[9] ф1эк1а нэгъуэщ1ым теубыда хъукъым.

44 - Аращи, щ1эхъумауэ щыт щ1эныгъэм хущ1экъуар, зи акъыл 1уэху 1эщ1элъхьэжынк1э арэзы мыхъуар, таухьид къабзэм, щ1эныгъэ къабзэм, иман пэжым а зэрыхущ1экъум нимыгъэсу къонэж. Абы ипкъ къик1ыу, иманымрэ джаурыгъэмрэ, игъэпэжынрэ пц1ыуэ игъэувынрэ, и ф1эщ ищ1ынрэ имыщ1ынрэ имыщ1эжу я зэхуаку къыдонэж, уэсуасыр и1эу дэгъуэщыхьауэ, шэч къытрихьэу (гъуэгу пэжым) къытек1ауэ, зи ф1эщ хъу му1минуи щымыту, зи ф1эщ мыхъу пц1ыупсуи щымыту.

---

[6] Алыхьыращ зи гугъу ищ1ыр.

[7] Зэтезы1ыгъэр, зыгъэбыдэр.

[8] Тэслимыр 1уэхур уи ф1эщ хъууэ Алыхьымрэ и л1ык1уэмрэ 1эщ1эплъхьэжыныращ.

[9] Истисламыр унафэм уеда1уэу бгъэзэщ1эныращ.

45 - Жэнэтым ихьэнухэм Алыхьыр зэралъэгъунур и фэщ хъукъым ар зыгуэрым ещхьу зи нэгум къыщ1эзгъэхьам е къыгур1уауэ къызф1эщ1ам. Апхуэдэу щ1ыщытри, (Алыхьыр) плъэгъуным - рубубием[10] епха нэгъуэщ1хэми хуэдэу - и мыхьэнэр (тэфсирыр) ар къызф1эбгъэщ1ыныр (тэ1уил) къэгъэнэныращ тэслимым утету. Муслъымэнхэм я динри аращ.

46 - Мыдэнымрэ зэгъэщхьынымрэ зыщызмыхъумар гъуэщащ, тэнзихми[11] техуакъым.

47 - И пэжып1эк1э, ди Тхьэ Лъагэм закъуэныгъэм и сыфатхэращ хуэхьар, закъуагъэм теухуахэращ хуэхьауэ щытыр. Къигъэщ1ахэм щыщу абы и мыхьэнэ зезыхьэ щы1экъым;

48 - гъунэхэм[12], к1эуххэм, пкъыгъуэхэм, 1эпкълъэпкъхэм, 1эмэпсымэхэм – ахэм псоми щхьэщы1этык1ащ. Ик1и, мыдрей къигъэщ1ахэм ещхьу, лъэныкъуихми къызэщ1аубыдэу щыткъым.

---

[10] Рубубиер быдэу уи ф1эщ хъуныр Алыхьыр Къэзыгъэхъущ, ерыскъыр езытщ, псори зезгъак1уэщ изакъуэу, гъусэ имы1эу.
[11] Тэнзихыр Алыхьым хуэмыфащэ, емык1у хуомыхьыныращ.
[12] И щ1эныгъэмрэ и псалъэмрэ гъунэ и1экъым.

49 – Мигьраджыр хьэкъщ. Бегъымбарыр жэщу нигъэсащ (Мэчэ къик1ыу аль-Акъса жыхуи1э мэжджытым), ик1и уафэми дрихьеящ, ари къызэрыхъуар и 1эпльэпкък1эщ, пщ1ыхьэп1эуи щытакъым. Иужьк1э Алыхьыр здыхуея лъэгап1эхэм ар дри1этеящ, Алыхьыри зырыхуейм хуэдэу хуэупсащ, уэхьийм щыщи къыхуригъэхащ.

مَا كَذَبَ الْفُؤَادُ مَا رَأَى

«И гум къигъэпц1акъым ар а илъэгъуамк1э» (ан-Наджм, 11).

Алыхьым и сэлатыр къылъигъэс дунейк1и ахърэтк1и.

50 – Алыхьыр хуэупсэу, и 1умэтым дэ1эпыкъуэгъуу къырита гуэлри[13] хьэкъщ.

51 – Къыщхьэщыжыныгъэу абыхэм яхуигъэт1ылъари хьэкъщ, ар хъыбархэм[14] къызэра1уэтэжым хуэдэу.

---

[13] Къемэт махуэм я псыхуэл1эр ирихыным папщ1э.

[14] Хьэдисхэм.

52 – Алыхьым 1эдэмрэ и щ1эблэмрэ ярищ1ыл1а зэгур1уэныгъэр хьэкъщ.

53 – Алыхьым ещ1э псори зэщ1эзыубыдэ щ1эныгъэк1э жэнэтым ихьэнум я бжыгъэри, жыхьэнэмэ маф1эм хыхьэнум я бжыгъэри. Аращи, а бжыгъэм хэхъуи и1энукъым, ик1и хэщ1ынукъым.

54 – Абы ещхьу ещ1э лэжьыгъэу къабгъэдэк1ынухэри.

55 – Псори къызыхуэгъэщ1ауэ щытым хуэпсынщ1эщ.

56 – Лэжьыгъэхэри к1эуухыращ зэралъытэжыр.

57 – Нысыпыф1эр Альыхьым нэсыпыф1эу щытыну зыхуиухаращ. Нэсыпыншэри Алыхьым нэсыпыншэу щытыну зыхуиухаращ.

58 – Къэдырыр Алыхь Тагьалэм къигъэщ1ахэм щиущэущэхуащ. Мэлэ1ыч нэхъ пэгъунэгъухэми, бегъымбару къигъэк1уахэми ящ1экъым ар.

59 - Абы кууэ ухыхьэнури ухэгупсысыхьынури насыпыншагъэм ухуэзышэ 1уэхугъуэщ, захуэныгъэм укъыхэзыш гъуэгущ, гъунэм уезыгъэбакъуэ теувап1эщ. Арщи, быдэу хуэсакъ абы кууэ ухэхьэным, е ухэгупсысыхьыным, е зебгъэгъэгъуэщэным. Арщи, Алыхьу Лъагэм ц1ыхухэм къэдыр щ1эныгъэр ящиущэхуащ, абы хущ1экъунуи яхуидакъым. Абы теухуауэ и Тхылъым жи1ащ:

لَا يُسْأَلُ عَمَّا يَفْعَلُ وَهُمْ يُسْأَلُونَ

«Езым ищ1эмк1э зыри къеупщ1ыркъым, ауэ ахэм къайупщ1ынущ» (аль-Анибийа1, 23).

Аращи, «Мыр щхьэ ищ1а?» - жызы1эу щ1эупщ1ар, Тхылъым ит унафэм пэрыуащ. Тхылъым ит унафэм пэрыуар, джэурхэм щыщ хъуащ.

60 – Мыхэращ зигур нурым къигъэунэхуу Алыхьым пэгъунэгъу ц1ыхухэр зыхуэныкъуэр. Мыращ щ1эныгъэшхуэ зи1эхэр зытетыр.

61 – Сыт щхьэк1э жып1эмэ, щ1эныгъэр т1ууэ гуэшащ: къигъэщ1ахэм яритамрэ, къигъэщ1ахэм ящиущэхуамрэ. Щ1ыныгъэу къаритар умыдэныр (щымы1эу жып1эныр) джаурыгъэщ, щ1эныгъэ ущэхуари зэбгъэгъуэтауэ жып1энри джаурыгъэщ. Аращи, щ1эныгъэ щы1эр къабыл умыщ1ауэ, щ1эныгъэ ущэхуами улъыхъуэн щомыгъэтауэ, иманыр зетыува хъукъым.

62 – Лэухьымк1и[15], Къэлэмымк1и, (Лэухьым) иратхауэ хъуамк1и иман къыдохь.

63 – Аращи, Алыхь Тагьалэм къэхъуну иритха 1уэхугъуэр, зыгуэрк1э къамыгъэхъун ягугъэу мы дунейм тету хъуар зэхуэсами, яхузыф1эк1ынукъым ар. Ик1и Алыхь Тагьалэм къэмыхъуну иритха 1уэхугъуэри, зыгуэрк1э къагъэхъун ягугъэу, мы дунейм тету хъуар зэхуэсами, яхузыф1эк1ынукъым ар. Къемэт махуэр

---

[15] Къэхъуари, къэхъури, къэхъунури зэрытыращ.

къэсыху къэхъуну 1уэхухэр зытха Къэлэмыр гъущыжащ.

64 – Ц1ыхум къыщымыщ1ар къыщыщ1ыфынутэкъэм, къыщыщ1ари блэк1ынутэкъым.

65 – Ц1ыхум ищ1эн хуейщ, Алыхьым и щ1эныгъэр къигъэщ1ауэ хъуам ипэ зэритыр, ик1и ар къытегъэзэж имы1эу пыухык1ауэ зэрыщытыр. Ар зэпызыудыни, абы унафэ тезыщ1эжыни, ар тезыгъэк1ыжыни, зыгуэрк1э зыхъуэжыни, хэзудыжыни, хэзылъхьэжыни уафэхэми щ1ылъэми къигъэщ1ахэм яхэткъым.

66 – Мыращ иманыр зэтезубыдэр, щ1эныгъэми и лъабжьэр, Алыхь Лъагэр зэрызакъуэмрэ, тхьэуэ зэрыщытымрэ гъэпэжыныр. Алыхь Лъагэм и Тхылъым зэрыжи1эм хуэдэу:

وَخَلَقَ كُلَّ شَيْءٍ فَقَدَّرَهُ تَقْدِيرًا

«Абы сытри зэрыщытын хуейм хуэдэу къигъэщ1ащ». (аль-Фуркъан, 2).

Ик1и жи1ащ Алыхь Лъагъэм:

وَكَانَ أَمْرُ اللَّهِ قَدَرًا مَقْدُورًا

«Ар Алыхьым и пасэрей ф1эк1ып1эншэ ухыгъэт» (аль-Ахьзаб, 38).

67 – Аращи, унэхъуащ Алыхь Лъагэм и къэдырым еныкъуэкъуу пэувар, уз зи1э гук1э абы хэплъар. 1уэху ущэхуахэм щэхуу хэлъыр къигъуэтыну щыхуежьэм гъуащэри, жи1амк1э гуэныхьыщ1э пц1ыупсыжьу къигъэзэжащ.

68 - Гьэршри[16] Курсири[17] хьэкъщ.

69 – Гьэршми, абы нэгъуэщ1у щы1эми хуэныкъуэкъым. Псори къызэщ1еубыдэ ик1и ящхьэщытщ.

70 – Къигъэщ1ахэм Езыр къызэщ1аубыдэну яхузыф1эмык1 ищ1ащ.

71 – Ик1и жыдо1э: «Алыхьым пэж дыдэу Ибрахим хъэлил[18] ищ1ащ, ик1и Мусэ епсэлъащ. Абык1э иман къыдохь, ар догъэпэж, ик1и дыпэрымыуэу къыдощтэ».

72 – Иман къыдохь мэлэ1ычхэмк1э, бегъымбархэмк1э, Алыхьым и л1ык1уэхэм Тхылъхэу къахуригъэхамк1э, ахэр пэжым зэрытетымк1э щыхьэт дохъу.

73 – Ди къиблэм зыхуэзыгъазэхэм муслъымэнк1э, му1минк1э доджэр, бегъымбарым, Алыхьым и сэлятымрэ и сэлямымрэ зылъысын, къыхуехар пэжу

---

[16] Ар Алыхьым къигъэхъуахэм щыщу ин дыдэщ, абым Алыхьым зыдри1этеящ Езым къызэрек1у щ1ык1эу.
[17] Ар Алыхьым къигъэхъуахэм щыщ ин дыдэщ, ауэ Гьэршыр абым нэхърэ нэхъ иныжщ.
[18] Хъэлилыр нэхъыф1 дыдэу ялъагъуу нэхъ пэгъунэгъу дыдэу щытыращ.

ялъытэху, жи1ауэ хъуамрэ къи1уэтэжамрэ яф1эщ хъуху.

74 – Алыхьым дытепсэлъыхькъым, ик1и диным теухуауэ дыдауэкъым.

75 – Ик1и Къур1эным теухуауэ дыдауэкъым. Ар мы дунейхэм и Тхьэм зырипсалъэмк1э, Джибрил къырихьэхыу, л1ык1уэхэм я зиусхьэн Мухьэммэд, Алыхьым и сэлятымрэ и сэлямымрэ зылъысын, зэрыригъэщ1амк1э щыхьэт дохъу.

76 – Ар Алыхь Лъагэм и псалъэщ, къигъэщ1ахэм я псалъэм щыщу абым хуэдэ щы1экъым, ик1и Къур1эныр къэгъэщ1ауэ жыт1экъым.

77 – Муслъымэн жэмэхьэтми дыпэщ1эувэкъым.

78 – Къиблэм зыхуэзыгъазэхэм щыщ зыри гуэныхь ищ1амк1э[19] джаур хъуауэ жыт1экъым, а гуэныхьыр хьэлэлу имыбжмэ.

79 – Ик1и жыт1экъым: «Иман зи1эм гуэныхь илэжьыр зэран хуэхъукъым».

80 – Му1минхэм щыщу ф1ы зылэжьым хуигъэгъуу и ф1ыщ1эк1э жэнэтым иригъэхьэну дыщогугъ. Ик1и ахэм датемышыныхьыу щыткъым, жэнэтым ихьэнк1э щыхьэт дахуэхъукъым. Ахэм щыщу гуэныхь зылэжьхэм

---

[19] А гуэныхьыр диным уизгъэк1хэм щыщу щымытмэ.

яхуигъэгъуну дахуолъэ1уэ ик1и датошыныхь, я гугъэри хедгъэхыжкъым.

81 – Уи щхьэ утемышыныхьынумрэ гугъуэр хэпхыжынумрэ Ислъам диным уизышым щыщщ. Къиблэм зыхуэзыгъазэхэм ядежк1э, гъуэгу пэжыр а т1ум я зэхуакущ.

82 – Ц1ыхури иманым ик1кым, абым изгъэхьар имыгъэпц1ыжауэ.

83 – Иманыр бзэк1э жып1энымрэ гук1э уи ф1эщ хъунымрэщ.[20]

84 - Алыхьым Къур1эным иту кърыригъэхауэ хъуари, Алыхьым и л1ык1уэм, Алыхьым и сэлятымрэ и сэлямымрэ зылъысын, къыбгъэдэк1ауэ пэжу къыднэсыжар шэрихьэтыми, ар гур1уэгъуэ зыщ1ми щыщу – псори (шэч хэмылъу) пэжщ.

85 – Иманыр зыщ[21], ар зыхэлъхэри абы и лъабжьэм ехьэл1ауэ зэхуэдэхэщ, зэрызэщхьэщык1хэр

---

[20] Къур1энри, Суннэри щыхьэт мэхъу иманыр бзэк1э жып1эныр, гук1э уи ф1эщ хъуныр, 1эпкълъэпкък1э къэбгъэпэжыныр щ, зэрыхэхъуэр ик1и зэрыхэщ1ыр, зыуи зэрыщымытыр. Аращ ипэк1э псэуа диным и щ1эныгъэл1хэри зытетыр.

Абу Йусуф Йэгькъуб бин Ибрахим аль-1энсари жи1ащ: «Иманыр псалъэщ ик1и лэжьыгъэщ, хохъуэр ик1и хощ1ыр». «ас-Сикъат», ибн Хьиббан, 7/645.

тхьэшынагъуэмрэ зыщыхъумэнымрэщ[22], псэм ф1эфым ебэкъуэнымрэ, нэхъапэу щыт 1уэхугъуэхэр гъэзэщ1эным упылъынымрэщ.

86 – Му1минхэр псори ар-Рахьманым и уэлихэщ[23]. Нэхъ пщ1э Алыхьым идеж зи1эр нэхъ жы1эда1уэу, Къур1эным нэхъ тету хущытыращ.

87 – Иманыр: ар Алыхьыр, мэлэ1ычхэр, тхылъхэр, л1ык1уэхэр, къемэт махуэр, къэдырыр и ф1ыри, и 1ейри, и «1эф1ри» и «дыджри» Алыхь Лъагэм къызэрыбгъэдэк1ыр (уи ф1эщ хъунращ).

88 – Дэ а псомк1и иман къыдохь, л1ык1уэхэри зэхэдз тщ1ыкъым, ахэм псоми къытхуахьари ди ф1эщ мэхъу.

89 – Мухьэммэд, Алыхьым и сэлятымрэ и сэлямымрэ щыщхэу гуэныхьышхуэ зылъысын, и 1умэтым зыщ1ахэр, жыхьэнэмэ маф1эм игъащ1эк1э къинэнухэкъым, Алыхьыр ягъэзакъуэу дунейм ехыжауэ щытахэмэ, тобэ къамыхьыжами, Алыхьыр яц1ыхуу я Ахэм Алыхьым зэрыхуейм ф1эщ хъууэ хуэзэжа иужь.

---

[21] Мыбым ипэк1э дытхам еджэ.

[22] Шэрихьэтым унафэ ищ1хэр блэжьу, имыдахэм пэжыжьэ зыхуэпщ1у Алыхьым и хьэзабым зыщыпхъумэныращ.

[23] Уэлир Алыхьым жы1эда1уэу хущыту, пэгъунэгъу хуэхъуаращ. Апхуэдэр езым и щхьэ къыхуимыгъэнэжу Алыхьым къехъумэ.

хуэдэу я унафэр ищ1ынущ: хуеймэ и ф1ыгъэк1э яхуигъэгъунущ, и Тхылъым зырыщыжы1ам хуэдэу:

وَيَغْفِرُ مَا دُونَ ذَلِكَ لِمَنْ يَشَاءُ

«...ауэ абы[24] нэхъ мащ1эр[25] зыхуейм хуегъэгъу» (ан-Ниса1, 48).

Хуеймэ, жыхьэнэмэ маф1эм хьэзаб ятрилъхьэнущ и захуагъэм къыхэк1ыу, иужьк1э и ф1ыгъэмрэ, хуэжы1эда1уэхэм я къыщхьэщыжыныгъэмрэ и щхьэусыгъуэк1э къыришыжынухэщи, жэнэтым иригъэхьэнухэщ.

90 – Апхуэдэу щ1ыщытыр, Алыхьыр къэзыц1ыхуахэр ирегъэхъул1э, ик1и Алыхьыр зи ф1эщ мыхъум хуэдэ ищ1къым дунейк1и ахърэтк1и. Ахэр[26] Алыхьым и гъуэгу захуэм тек1хэри, Алыхьым и ехъул1эныгъэми лъэ1эсахэкъым.

91 – Уа Алыхь, уа ислъам динымрэ абы тетхэмрэ я Уэлий, ислъам диным быдэу дытегъэт дыпхуэзэжыху!

92 – Къиблэм зыхуэзыгъазэхэм - ар ц1ыхуф1ми гуэныхьыщ1эми - нэмэзыр иужь уиту пщ1ы хъуну доплъ, ахэм щыщу л1ахэми жэназэр ятыдощ1ыхь.

---

[24] Алыхьым гъусэ хуэщ1ыныращ зи гугъу ищ1ыр.

[25] Гуныхьхэм щыщу.

[26] Алыхьыр зи ф1эщ мыхъухэращ.

93 – Ахэм щыщ зыми жэнэтк1э е жыхьэнэмэк1э щыхьэт дыхуэхъукъым; джаурыгъэк1и, гъусэ (Алыхьым) хуэщ1ынк1и, фэрыщ1ыгъэк1и щыхьэт дахуэхъукъым, апухэдэ гуэрэ къамыгъэлъагъуэмэ, я щэхури Алыхь Лъагъэм къыхудогъанэ.

94 - Мухьэммэд бегъымбарым, Алыхьым и сэлятымрэ щыщ зыми джатэ и 1умэтым и сэлямымрэ зылъысын, хуэдгъазэкъым, ар зыхуэфащэ хъуам нэмыщ1.

95 – Ди пэщтыхьхэмрэ ди унафэщ1хэмрэ залымыгъэ ялэжьами, дезэуэну дыкъыдэк1къым, 1ейк1и дахуэлъа1уэкъым, я унафэми дыкъыщ1эк1къым. Абы я унафэм щ1этыныр Алыхьым и унафэ щ1этыным щыщ 1ыхьэу, ар фарзу долъытэ, гуэныхь зыхэлъ гуэрк1э унафэ ящ1ауэ щымытмэ, ик1и Алыхьым гъуэгу захуэм тригъэувэху къихъумэну долъэ1у.

96 – Суннэтымрэ жэмэхьэтымрэ дак1элъок1уэ; жэмэхьэтыр зытетым тек1ыным, зэтемыхуэныгъэм, зэгуэк1ыным пэжыжьэ зыхудощ1.

97 – Захуэныгъэмрэ пэжыгъэмрэ тетхэр ф1ыуэ долъагъу; залымыгъэ зезыхьэхэмрэ епц1ыжак1уэхэмрэ датеплъэ хъукъым.

98 – Къытхуэмыщ1эу нахуэ тхуэмыхъуам щхьэк1э «Алыхьым нэхъ ещ1э» жыдо1э.

99 – Местхэм гъуэгу дытетуи дытемытуи дытелъыщ1ыхь хъуну добж.



100 – Хьэжымрэ джихадымрэ мыслъымэнхэм щыщ ди унафэщ1хэм ягъусэу къемат махуэр къэсыху йок1уэк1ыр, унафэщ1ыр захуэу щытми, гуэныхьыщ1эу щытми. Ахэр къызэтезыгъэувы1и зыкъути щы1экъым.

101 – Зи пщ1э лъагъэ мэлэ1ыч 1уэхухэр зытххэмк1и иман къыдохь, Алыхьым ахэр ди лэжьыгъэхэр (ятхыжу) зэхуахьэсыну тригъэуващ.

102 – Мэлэ1ыч псэхэхри ди ф1эщ мэхъу, мы дунейм тету хъуам я псэхэр хэхыныр зи лэжьыгъэу щытыр.

103 – Къызытехуэм кхъэм и хьэзабри лъысу ди ф1эщ мэхъу, ик1и Мункэррэ Нэкиррэ кхъэм (ягъэт1ылъам) зэреупщ1ыр хэт и тхьэр, сыт и диныр, хэт и бегъымбарыр, ар бегъымбарымрэ, Алыхьым и сэлятымрэ и сэлямымрэ зылъысыным, и сэхьабэхэмрэ, Алыхьыр аразы яхуэхъу, къызэра1уэтам хуэдэу.

104 – Кхъэр е жэнэтым щыщ жыг хадэщ, е маф1эм щыщ мащэщ.

105 – Ди ф1эщ мэхъур ц1ыхухэр къызэрагъэтэджыжынури, къемэт махуэм лэжьыгъэу хъуам хуэфащэр зэрырагъэгъуэтынури, ц1ыхухэр Алыхьым и пащхьэ зэриувэнури, лъытэнри[27], тхъылъым къызэреджэнури, псапэри, тезырыри, лъэмыжри, тэрэзэри.

---

[27] Ц1ыхум илэжьам щ1эупщ1эныращ.

106 – Жэнэтымрэ жыхьэнэмэмрэ къэгъэщ1ахэм ящыщщ, сыт щыгъуи щы1энухэщ, ик1и к1уэдыжынухьэкъым.

107 – Алыхьым жэнэтымрэ жыхьэнэмэмрэ псом (ц1ыхухэмрэ жынхэмрэ) япэ къигъэщ1ащ. Абы иужьк1э ахэм ихьэнухэр къигъэщ1ащ. Аращи, зыхуейр и ф1ыгъэк1э жэнэтым иригъэхьэнущ, зыхуейр и зэхуагъэк1э жыхьэнэмэм иришэнущ.

108 – Псори зыхуэлажьэр я нат1э итхаращ, зыхуэк1уэжри а къызыхуагъэщ1аращ[28].

109 – Ц1ыхухэм ф1ыри 1ейри хуиухащ.

110 – (Ц1ыхум) и лэжьыгъэм пыщ1а лъэк1ыныгъэр, къэгъэщ1ахэм хуэпхь мыхъун ехъул1эныгъэм и лъэныкъуэк1э, езы лэжьыгъэм игъусэу къызэрыхъур.

Ауэ лъэк1ыныгъэм узыншагъэк1э, мылъкук1э, зэф1эк1ыныгъэ, 1эплъэпкъ лъэныкъуэмк1э убгъэдыхьэмэ, ар езы лэжьыгъэм и пэк1э щытщ, (шэрихьэт) унафэхэри зытещ1ыхьар аращ. Алыхь Лъагъэм зырыжи1амк1э:



[28] Жэнэтым е жыхьэнэмэм.



«Алыхьым псэм трилъхьэкъым хуэмылъэк1ын» (аль-Бэкъэрэ, 286).

111 – Ц1ыхухэм я 1уэхухэр Алыхьым къигъэщ1ащ, езыхэм ялэжьурэ зрагъэгъуэтыж.

112 – Алыхь Лагъэм яхузыф1экыращ ятрилъхьар, ятрилъхьэращ яхузыф1эк1ри[29].

لا حَوْلَ وَلا قُوَّةَ إِلا بِاللَّهِ

«Ля хьэулэ уэ ля къууэтэ илля биЛлях» жыхуи1эм и мыхьэнэри аращ. Мыпхуэдэу жыдо1э: «Алыхьыр къыдэмы1эпыкъуауэ, зыми зэф1эк1 и1экъым, зык1и зыхуэгъэхъеинукъым, гуэныхьым къыхэк1ыфынукъым. Ик1и, Алыхьым къыримгъэхъул1ауэ, Абы и унафэр зэригъэзэщ1эн, ик1и быдэу зэрытетын къару зыми и1эркъым».

113 – Псори къызэрыхъур Алыхь Лъагэр зэрыхуейм хуэдэщ, и щ1эныгъэм, и къэдырым, и унафэм тетущ.

114 – Ар зыхуейр нэгъуэщ1хэр зыхуейуэ хъуам ящхьэщытщ, Абы и унафэри хьилагъэу щы1эхэм ящхьэщытщ.

115 – Зыхуейр ещ1э, залымыгъи зэи илэжькъым.

---

[29] Нэхъыби яхуэлъэк1ынущ, ауэ Алыхьым и гущ1эгъум къыхэк1ыу псынщ1э яхуищ1ащ.

116 – 1ейуэ хъуамрэ унэхъунымрэ щхьэщы1этык1ащ, сыт хуэдэ ныкъусаныгъэмрэ дагъуэмрэ щхьэщыгъэкъэбзык1ащ:

لَا يُسْأَلُ عَمَّا يَفْعَلُ وَهُمْ يُسْأَلُونَ

«Езым ищ1эмк1э зыри къеупщ1ыркъым, ауэ ахэм къаупщ1ынущ» (аль-Анибийа1, 23).

117 – Ц1ыху псэухэм л1ахэм хуащ1 дугьэмрэ сэдэкъэмрэ[30] сэбэп яхуохъу.

118 – Алыхь Лъагэм дугьам жэуап иретыж, цыхур зыхуэныкъуэри зэф1егъэк1ыр.

119 – Псори и 1эмыщ1эм илъщ, Езыр зыми и 1эмыщ1э илъкъым.

120 – Нап1эзып1э закъуэк1и Алыхьым ухуэмынкъуэу щыткъым. Нап1эзып1э закъуэк1и Алыхьым хуэмыныкъуэу зигугъар, джаур хъури унэхъуащ.

121 – Алыхьыр мэгубжь ик1и арэзы мэхъу къигъэщ1ахэм щыщ зыми хуэмыдэу.

122 – Алыхьым и л1ык1уэм, Алыхьым и сэлятымрэ и сэлямымрэ зылъысын, и сэхьабэхэри ф1ыуэ долъагъу. Ахэм щыщ зыри егъэлеяуэ ф1ыуэ тлъагъукъым, ик1и зыри дымыдэу дыкъыбгъэдэк1къым. Ахэм теплъэ

[30] Факъырэ1ус.

мыхъуу, ф1ык1э я ц1эр измы1уэм дэри дытеплъэ хъукъым. Ик1и сэхьабэхэм я гугъу фык1эщ зэрытщ1ыр. Ахэр ф1ыуэ плъагъуныр динщ, ик1и иманщ, ик1и ихьсанщ. Ахэм утеплъэ мыхъуныр джаурыгъэщ, ик1и фэрыщ1ыгъэщ, ик1и залымыгъэщ.

123 – Алыхьым и л1ык1уэм, Алыхьым и сэлятымрэ и сэлямымрэ зылъысын, иужьк1э хъэлифэу дыбжыр, япэрауэ, Алыхьыр арэзы зыхуэхъун Абу Бакр Ас-Съыдикъщ, ипэ идгъэувэри, 1умэтым щыщу нэхъыф1 дыдэу дыбжыри station. Абы иужь Алыхьыр арэзы зыхуэхъун Умэр бин аль-Хъэт1абщ, абы иужьк1э Алыхьыр арэзы зыхуэхъун Уэсмэнщ, абы иужьк1э Алыхьыр арэзы зыхуэхъун Алийщ. Ахэращ хъэлифэ захуэхуэр, гъуэгу захуэм тет имамхэр.

124 – Алыхьым и л1ык1уэм, Алыхьым и сэлятымрэ и сэлямымрэ зылъысын, жэнэтк1э игъэгуф1эу зи ц1э къырибжэк1а ц1ыхуипщ1ыр жэнэтым ихьэну щыхьэт дохъу, езы Алыхьым и л1ык1уэри, Алыхьым и сэлятымрэ и сэлямымрэ зылъысын, щыхьэт зэрахуэхъуамк1э, абы и псалъэр пэжщ. Ахэр Абу Бакр, Умэр, Уэсмэн, Алий, Т1элъхьэ, Зубейр, Сэгьд, Сэгьид, Гьэбдуррэхьман бин Гьэуф, мы 1умэтым и 1эмин Абу Гьубейдэ бин аль-Джэррахь сымэщ. Альыхьыр ахэм псоми арэзы яхуэхъу.

125 – Алыхьым и л1ык1уэм, Алыхьым и сэлятымрэ и сэлямымрэ зылъысын, и сэхьабэхэм, и щхьэгъусэ къабзэхэм, дэтхэнэ ф1еягъэми щхьэщы1этык1а и бынхэм ф1ык1э тепсэлъыхьар фэрыщ1ыгъэм къелащ.

126 – Ди япэ ита щ1эныгъэл1хэми, абы яужь иту къак1элъык1уахэми – хьэдисымрэ фикъхымрэ пылъхэр – ф1ык1э нэгъуэщ1 я ц1эр ит1уэкъым. Ахэм я гугъу 1ейк1э зыщ1ыр гъуэгу захуэм теткъым.

127 – Уэлийхэм ящыщ зыри бегъымбархэм ящыщ хэтми нэхъыф1у дыбжкъым. Жыт1эр: «Зы бегъымбар закъуэр уэлийуэ хъуам нэхърэ нэхъыф1щ».

128 – Ахэм я телъыджагъэхэм щыщу къэхъуахэмки1 иман къыдохь, ц1ыху пэжхэм къа1уэтэжауэ щытмэ.

129 – Къемат махуэм и нэщэнэхэмк1и иман къыдохь: Дэджалыр къызэрыдэк1ынур, Мэрьям и къуэ Гьисэ, гьэлейхи сэлам, уафэм къызэрехынур, дыгъэр и къухьэп1эмк1э къызэрыкъуэк1ынур, щ1ым и псэущхьэр и щ1ып1эм къызэрыхэк1ынур.

130 – Къэхъуну-къэщ1энум тепсэлъыхьхэмрэ, 1эзэхэмрэ жа1эхэр ди ф1эщ тщ1ыкъым.

131 – Апхуэдэуи ди ф1эщ тщ1ыкъым Къур1эным, суннэтым, 1умэтыр зэрызэгур1уам темыхуэу зыгуэр жызы1эхэри.

132 – Жэмэхьэтыр пэжу ик1и тэмэму долъытэ, зыгуэшыныр гъуэщэныгъэу ик1и хьэзабу добж.

133 – Алыхьым и диныр уафэми щ1ылъэми зыщ, ар ислъам динырщ. Алыхь Лъагэм жи1ащ:



«Алыхьым и дежк1э диныр Ислъамыращ» (1алэ Гьимран, 19).

Ик1и жи1ащ Алыхь Лъагэм:

وَرَضِيتُ لَكُمُ الْإِسْلَامَ دِينًا

«Ислъам динымки арэзы сыфхуэхъуащ» (аль-Ма1идэ, 3).

134 – Ар егъэлеинымрэ 1эпэдэгъэлэл щ1ынымрэ, «тэшбих»-ымрэ[31] «тэгьт1ил»-ымрэ[32], «аль-джэбр»-ымрэ[33] «аль-къэдыр»-ымрэ[34], тегушхуэнымрэ гугъэ хэхыжынымрэ язэхуакущ.

---

[30]«Тэшбих»-ыр Алыхь Лъагэр зыгуэрым ебгъэщхьынуращ (мушэббихэ зыжыра1эхэращ).

[32] «Тэгьт1ил»-ыр Алыхьым зыхуигъэфэща, е и Бегъымбарыр Абы зэрытепсалъыхьа мыхьэнэхэм щыщ умыдэнырщ.

Тэгьт1ил ищ1у нэгъуэщ1 мыхьэнэ иритмэ «тэ1уил»-к1э йоджэхэр.

Ауэ тэгьт1ил ищ1у ит1анэ: «Мыхьэнэр Алыхь къудейращ зыщ1эр», - жи1эмэ «тэфуид»-к1э йоджэхэр.

[33] «Аль-джэбр»-ыр Алыхьым ц1ыхур иригъэзу зыхуейр иригъащ1эу жызы1эхэращ (джэбрийэ).

[34] «Аль-къэдэр»-ыр ц1ыхум зыхуейр ищ1эу, Алыхьыр абы и 1уэхухэм хэмыхьэу жызы1эхэращ (къэдэрийэ).

* * * * *

Мыращ ди динри ди гьэкъидэри, нахуэуи щэхууи. Мы къыжыт1ахэм, гур1уэгъуэ тщ1ахэм темыхуэр, Алыхьым и пащхьэ дэ тщымыщу жыдо1э.

Алыхь Лъагэм долъэ1ур иманым быдэу дытригъэтыну, ик1и абы дытету ди псэр хихыну. Ик1и долъэ1у щыуагъэ зэмыл1эужьыгъуэхэмрэ, еплъык1э зэщхьэщык1хэмрэ, мэзхьэб мыщ1агъуэхэм дыщихъумэну: мушэббихэ, мугьтэзилэ[35], джэхмийэ[36], джэбрийэ, къэдэрийэ, нэгъуэщ1хэри; суннэтымрэ жэмэхьэтымрэ ебакъуэу, гъуэщэныгъэм хэхуахэм. Дэ ахэр тщыщкъым, ц1ыху мыщ1агъуэу, гъуэщахэу добж. Ехъул1ыныгъэмрэ дагъуэншагъэмрэ Алыхьым идежщ къыздик1ыр.

---

[35] Уасыл бин Гьэт1а1 к1элъык1уахэр.

[36] Джэхм бин Сэфуан к1элъык1уахэр.